

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Mangsa kiwari geus asup kana jaman digital atawa éra industrialisasi, hartina dimana waé urang ngalakukeun kagiatan industri tangtu bakal kaintegrasi jeung internét. Tempat sagala kagiatan manusa geus aya di internét, saperti ayana *e-education* pikeun prosés pangajaran daring, *e-commerce* tempat dagang online, *smart city* nyaéta konsép kota nu leuwih modern, jeung réa-réa deui layanan dina internét. Éksisna dunya *start up* di mayarakat, ngabalukarkeun informasi jeung pagawéan manusa bisa dibéréskeun dina itungan menit. Lian ti éta ayana *star up* ngubah pola pakasaban masarakat kiwari nu tadina wirausaha, tatanén, atawa PNS jadi *programmer*. Dinamisasi téhnologi kudu jadi perhatian leuwih dina ranah atikan. Lantaran prosés pangajaran bisa ngalatih sikep jeung méntal siswa pikeun kamajuan jaman. Ayana tangtangan abad 21 widang atikan boga porsi anu leuwih, nyaéta sangkan bisa nyiptakeun sumber daya manusa nu unggul saperti bisa mikir kritis, kréatif, ogé mikir tingkat luhur. Ayana *paradigma* dina kurikulum 2013 dimana prosés pangajaran nu kudu museur ka murid lain ka guru deui (Septikasari & Frasandy, 2018). Ogé pamarekan pangajaran dina kurikulum 2013 nu dipakéna nyaéta 5M *mengamati, mempertanyakan, mengumpulkan informasi, menalar dan mengkomunikasikan* (Widodo, spk, 2019, kc. 2). Lian ti éta, kompetensi nu diadopsi nyaéta 4K (komunikasi, kritis, kolaborasi, jeung kréatif) nu mangrupa bagian tina pangajaran abad 21.

Dina kontéks pangajaran jeung penilaian abad 21, siswa kudu bisa maham ésénsi keterampilan mikir kritis, matotoskeun pasualan, mikir kréatif, inovatif, kolaborasi, jeung komunikasi éta hal téh mangrupa keterampilan mikir tingkat luhur (Tim Pusat Peneliti Pendidikan, 2019). Kamampuh mikir tingkat luhur siswa masih handap, ku kituna perlu aya parobahan sangkan bisa mikir tingkat luhur ku cara ngaronjatkeun kamampuh siswa nepi ka bisa nganalisis, ngaévaluasi, jeung nyipatkeun hiji hal dumasar kana taskonomi Bloom édisi révisi (Noma, spk, 2016). Dumasar taksonomi Bloom édisi révisi, level kognitif dibagi kana dua tingkatan nyaéta *Lower Order Thinking Skills (LOTS)* nu ngawengku keterampilan nginget, maham, jeung ngalarapkeun. Tingkatan ka dua nyaéta *Higher Order Thinking Skills*

(*HOTS*) nu ngawengku keterampilan analisis, évaluasi jeung kréasi atawa nyiptakeun hal anyar. Numutkeun Anderson & Krathwohl (Wulan, 2010) dina *LOTS* aya nu disebut *Middle Order Thinking Skills (MOTS)* nu ngawengku *memahai jeung mengaplikasikan*. Numutkeun Setyaningsih & Ekayanti (2019) dina maham kana keterampilan mikir tingkat luhur kudu maham heula kana keterampilan mikir tingkat handap. Tina ieu hal bisa dititén yén dina pangajaran merlukeun prosés. Nu kudu diinget dina *HOTS* nyaéta kumaha sangkan siswa murni ngaluarkeun kamandangna sorangan ngaliwatan prosés mikir. Éta pamadegan téh ditegeskeun ku (Caleb, spk, 2014)

Higher Order Thinking Skills should be an important aspect of the teaching is to ensure that students can think and solve problems critically, and this can be achieved when students are not just taught a series of routine activities, but more on lessons that teach them how to think and create for themselves.

Hartina kamampuh mikir tingkat luhur jadi aspék penting dina pangajaran jeung kudu bisa mastikeun siswa téh mikir jeung matotoskeun pasualan sacara kritis. Ieu hal bisa kahontal nalika siswa dibéré lolongkrang waktu pikeun mikir jeung ngakréasi sorangan batan diajarkeun kagiatan-kagiatan biasa dilakukeun.

Kamampuh mikir tingkat luhur kudu dibiasakeun dina prosés diajar sangkan siswa kalatih dina matotoskeun pasualan nu nyampak dina kahirupan sapopoéna, *knowledge is the thick* (Ariani & Yolanda, 2019). Siswa diperedih bisa kréatif jeung inovatif dina ngigelan jaman nu geus sarwa modérn. Oriéntasi abad 21 numutkeun Syamsuri aya 7 nyaéta 1) diajar *sepanjang hayat (long live education)*; 2) diajar pikeun néang pangaweruh jadi diajar sacara holistik (kompléks); 3) tina hubungan konfrontatif jadi hubungan kemitraan; 4) dina pangajaran pikeun akademik jadi oriéntasi kana nilai-nilai; 5) tina kampanye buta aksara jadi kampanye lawan buta téhnologi, budaya, jeung komputer; 6) tina penampilan guru nu *terisolasi* kana penampilan *team working*; 7) tina konséntrasi éksklusif kana kompetisi oriéntasi kolaborasi.

Hasil PISA (*Program for International Students Assesment*) 2018 turun batan 2015, dimana kamampuh maca Indonesia aya dina réngking 74, literasi matématika aya dina réngking 73, jeung literasi sains aya dina réngking 71 (Tohir, 2019). Kagiatan literasi ogé mangrupa bagian tina pangajaran abad 21. Ku kituna

perlu ayana prosés évaluasi hususna dina pangajaran. Numutkeun Kuswari (2010, kc. 1) évaluasi mangrupa salasihiji komponén penting jeung boga peran penting dina ngaidéntifikasi suksésna program pendidikan.

Alat évaluasi nu bisa digunakeun di sakola-sakola nyaéta soal-soal nu aya dina buku téks. Buku téks nyaéta buku pangajaran dina hiji widang studi nu tangtu, mangrupa buku standar nu disusun ku para ahli dina widangna, pikeun nepikeun maksud-maksud jeung tujuan instruksional, dilengkepan ku sarana-sarana nu luyu tur kaharti ku nu maca atawa nu makéna pikeun kaperluan pangajaran di sakola jeung paguron (Haerudin, 2019, kc. 1). Dina buku téks aya bagian nu boga pangaruh pikeun ngaronjatkeun aktivitas siswa jeung hasil diajarna leuwih hadé, ogé bisa ngahontal kana udagan pangajaran (Pratiwi & Alimuddin, 2019). Numutkeun Asri (2017, kc. 71) kualitas buku téks dijadikeun sumber pangajaran nu bisa nangtukeun hasil udagan pangajaran. Buku téks ogé kudu relevan jeung kurikulum nu panganyarna ogé kabutuhan nu nyampak di masarakat, pangpangna dina nyumponan kabutuhan pangalaman henteu langsung, nambah pangalaman, pangaweruh, sikep hirup, jeung kapribadian (Haerudin, 2019, kc. 3). Dina ngagunakeun buku téks siswa diarahkeun pikeun nglakukeun hiji aktivitas, jeung ngaimplementasikeun tiori-tiori nu aya dina buku téks (Haerudin, spk, 2019)

Buku téks kudu bisa ngarojong kamampuh mikir tingkat luhur. Di jenjang Sakola Dasar geus dilarapkeun keterampilan tingkat luhur nu dimimitian ku analisis, évaluasi, jeung kréasi ngagunakeun pamarekan saintifik jeung tématik. Tangtu kamampuh mikir tingkat luhur ogé kudu dipaké ku siswa SMP sangkan bisa nyiptakeun siswa-siswi nu kompetén saluyu jeung standar lulusan SMP nu pang anyarna. Sababaraha mata ajar geus mekarkeun kamampuh mikir tingkat luhur, ku ayana kurikulum anyar dina pangajaran basa Sunda hususna di jenjang SMP kudu geus ngalarapkeun éta kamampuh. Hal-hal nu aya patalina jeung kabudayaan penting pisan, lantaran kabudayaan mangrupa idéntitas bangsa. Sanajan téhnologi tuluy maju, kabudayaan ogé kudu tuluy éksis. Dina pangajaran basa Sunda geus boga kurikulum nu disusun sorangan nyaéta Kurikulum Tingkat Daerah. Dinas provinsi Jawa Barat nyusun KIKD mata ajar basa jeung sastra daerah disaluyukeun jeung kurikulum 2013. Ku kituna penting aya analisis kana muatan materi ogé

évaluation dina buku téks pangajaran basa Sunda nu boga oriéntasi mikir tingkat luhur.

Buku ajar basa sunda nu réa digunakeun di sakola nyaéta buku *Gapura Basa* citakan Geger Sunten. Éta buku dianggap hadé lantaran geus dipake di sakola-sakola di kota Bandung ogé nepi ka dérah-daérah di Jawa Barat. Kompetensi Inti jeung Kompetensi dasarna di saluyukeun jeung Kurikulum daerah 2013 révisi 2017. Matéri jeung kontén évaluation dipedar dina éta buku. Buku pangajaran Basa Sunda kudu sarua jeung buku séjéna, nyaéta matak ngirut siswa, bisa ngaronjatkeun daya nalar siswa, ogé ngarojong kana kamampuh mikir tingkat luhur. kasaluyuan matéri nu aya dina buku téks bisa dinilai dina bagian évaluation, ku kituna dina ngukur kamampuh mikir tingkat luhur leuwih museur kana analisis soal-soal nu aya dina buku téks.

Lantaran buku *Gapura Basa* geus dipaké ku sakola-sakola di Jawa Barat, ku kituna tangtu perlu aya panalungtikan kana muatan soalna. Analisis soal HOTS buku *Gapura Basa* difokuskeun kana buku pikeun siswa SMP kelas VIII. Ieu hal sangkan leuwih jembar analisisna lantaran muatan matéri di kelas VIII KIKD na leuwih réa batan di kelas IX. Ogé ieu panalungtikan penting sangkan bisa mastikeun buku nu bisa jadi sumber acuan dina ngahontal kamampuh siswa mikir tingkat luhur. Panalungtikan saméméhna ngeunaan pangajaran atawa analisis soal-soal kana buku téks di Departemen Pendidikan Bahasa Sunda can aya. Mung aya panalungtikan kana soal-soal husus ku sadérék Destivani, (2020) nu judulna “Kualitas Soal Penilaian Tengah Semester 1 Mata Pelajaran basa Sunda SMPN 2 Leuwisadeng Taun Ajaran 2018/2019 (Uji Validitas jeung Réliabilitas)”. Di luar Departemen aya ku Novitasari, Ariani Tri, spk. 2019 ngeunaan efektivitas buku ajar berbasis HOTS dina matéri anu husus nyaéta mata ajar Fisika. Nu ngabédakeun ieu panalungtikan jeung panalungtikan nu aya nyaéta fokus analisisna anu magrupa soal-soa dina buku téks nu ngarojong kana materi pangajaranana, jeung lega-heuleutna bahasan wangun *HOTS* nu dianalisis. Tina hasil tinimbangan di luhur, ku kituna penting pisan aya analisis *Higher Order Thinking Skills* kana buku téks basa Sunda. Panulis ngajukeun hiji panalungtikan nu judulna Analisis *HOTS* dina Buku Téks Pangajaran Basa Sunda *Gapura Basa* SMP Kelas VIII.

1.2 Identifikasi Masalah jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Identifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur dina ieu panalungtikan dianalisis bahan évaluasi dina buku ajar basa Sunda nu bisa ngarojong kana kamampuh mikir tingkat luhur siswa sangkan;

- 1) moal aya buku ajar anu tampilan sacara *artifisial* nu bisa ngabalukarkeun *paradigma* pangajaran anu teu saluyu jeung kabutuhan nu nyampak di masarakat;
- 2) siswa bisa melek literasi lantaran kudu néangan infromasi jeung milah mana infromasi nu bener;
- 4) siswa bisa leuwih kritis ku cara dilibetkeun dina prosés *Problem Solving*;
- 5) kasaluyuan KD jeung tujuan pangajaran nu dilarapkeun dina muatan matéri buku ajar nu teu jauh béda.
- 6) buku ajar boga orientasi kana pangajaran abad 21 nu keur dibutuhkeun pisan pikeun ngigelan industrialisasi.

Ieu pasualan nyampak sangkan jadi enteung yén buku ajar kudu mampu ngarojong kana kamampuh mikir tingkat luhur siswa.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, aya sababaraha masalah nu kudu dirumuskeun. Hal-hal anu jadi pasualan dina ieu panalungtikan baris didadarkeun ngaliwatan kalimah pananya saperti di handap.

- 1) Kumaha ragam level kognitif nu aya dina buku téks *Gapura Basa SMP Kelas VIII*?
- 2) Naha unsur stimulus geus nyampak dina buku *Gapura Basa SMP Kelas VIII*?
- 3) Naha unsur kontékstual geus nyampak dina buku *Gapura Basa SMP Kelas VIII*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan mampu ngadéskripsikeun muatan *HOTS* nu aya dina buku téks Basa Sunda *Gapura Basa SMP Kelas VIII*.

1.3.2 Tujuan Husus

Dumasar kana kasang tukang di luhur, tujuan husus ieu panalungtikan nya éta hayang ngadéskrupsikeun:

- 1) ragam lével kognitif nu aya dina buku *Gapura Basa* SMP Kelas VIII;
- 2) unsur stimulus dina buku téks *Gapura Basa* SMP Kelas VIII;
- 3) unsur kontékstual dina buku téks *Gapura Basa* SMP Kelas VIII.

1.4 Mangpaat/Signifikansi Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa mekarkeun élmu pangaweruh nu aya patalina jeung buku ajar, husuna buku ajar basa Sunda SMP. Ogé bisa ngirut panalungtikan séjén kana parobahan nu bakal nyampak dina kamampuh mikir tingkat luhur ogé pangajaran abad 21.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Ieu panalungtikan dipiharep bisa dipaké, diantarana:

- a. Sacara akademis, panalungtik bisa leuwih maham kana buku ajar nu boga kualitas mikir tingkat luhur (berbasis HOTS) sangkan bisa dilarapkeun di lapangan
- b. Pikeun siswa bisa leuwih ngirut diajar nalika maca buku ajar.
- c. Pikeun mahasiswa, sangkan nambahan élmu dina ngaanalisis hal-hal nu aya patalina jeung kamampuh mikir tingkat luhur.
- d. Pikeun guru, sangkan bisa maham kana eusi buku ajar jeung ngalarapkeuna di kelas, hususna praték pikeun ngahontal kamampuh mikir tingkat luhur siswa.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu panalungtikan baris dipidangkeun dina wagon skripsi nu disusun jadi lima BAB kalayan sistematika saperti kieu :

Bab I bubuka, ngawengku kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan

panalungtikan, mangpaat panalungtikan anu ngawengku mangpaat tioritis jeung praktis, ogé dina ieu bab midangkeun raraga tulisan.

Bab II ulikan tiori, ngawengku ulikan tiori *higher order thinking skills*, jeung konsép pangajaran abad 21, karakteristik soal *HOTS*, buku téks; panalungtikan saméméhna; jeung raraga mikir.

Bab III métode panalungtikan ngawengku desain panalungtikan, sumber data, instrumén panalungtikan, téhnik analisis data, prosedur panalungtika, jeung isu étik.

Bab IV hasil jeung pedaran panalungtikan ngawengku ragam level kognitif, unsur stimulus jeung unsur kontékstual dina buku téks *Gapura Basa* SMP kelas VIII.

Bab V ngawengku kacindekkan, implikasi, jeung rékoméndasi.